THE NEW YORK STATE OFFICE OF VICTIM SERVICES

KONTINYE AVANSE:

DWA OU YO APRÈ OU FIN EKSPOZE AK YON ZAK KRIMINÈL

TAB MATYÈ

KONSÈNAN OFFICE OF VICTIM SERVICES (OVS) 4

KIYÈS NOU YE 4
SA NOU FÈ 4
KIJAN TI LIV SA KA EDE W 5

KONTAKTE NOU 6

RETE AN KONTAK AK OVS 6
KONEKTE AK SÈVIS EPI AK SIPÒ YO 6
KONTAKTE DISTRICT ATTORNEY'S OFFICE OU A. 7
ENSKRI NAN DOCCS OVA 7

JWENN ÈD FINANSYE AK KONPANSASYON 8

JWENN RANBOUSMAN POU DEPANS YO 8
DEPOZE YON REKLAMASYON 8

SUIV EVOLISYON PWOSEDI PENAL OU A 9

SUIV MIZAJOU KI ENPÒTAN YO 9
KONPARÈT DEVAN YON TRIBINAL 9
PLANIFIKASYON POU SEKIRITE W 10
PALE 11
KONNEN REZILTA PWOSEDI A 11

RETE ENFÒME EPI AVANSE 12

JWENN ENFÒMASYON SOU AKIZE A 12
JWENN ÈD POU LAVI KOTIDYEN 13
REFÈ APRÈ YON ZAK KRIMINÈL. 13
JWENN RANBOUSMAN 13

KONNEN DWA OU YO: KONSIDERASYON ESPESYAL 15

TIMOUN AK JÈN KI POKO GEN 18 AN 15
SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK, AGRESYON SEKSYÈL AK LÒT ZAK KRIMINÈL . 15

KONSÈNAN OFFICE OF VICTIM SERVICES (OVS)

KIYÈS NOU YE

Ekspoze ak yon zak kriminèl kapab se kòmansman yon pwosesis ki long epi ki difisil pou viktim yo ak pou sivivan yo, pou fanmi yo ak pou zanmi yo. New York State Office of Victim Services (OVS) angaje l pou l ede w jwenn èd, gerizon ak espwa lè w plis bezwen yo.

Se pa fòt ou si w te ekspoze ak yon zak kriminèl. Kit ou se sivivan yon zak kriminèl, kit w ap ede yon moun refè aprè yon zak kriminèl, kit ou vle sipòte yon moun ou renmen, ou pa poukont ou. OVS ka ede ou navige nan sistèm konplèks yo pandan w ap travèse sitiyasyon difisil yo.

SA NOU FÈ

Nou ka bay èd finansye ak ranbousman pou moun ki elijib ki viktim nan yon zak kriminèl pou depans ak lajan nan pòch tankou frè medikal ak frè konsiltasyon, aranjman pou fen lavi ak depans pou fineray, pèdi salè ak anpil lòt ankò.

Nou finanse epi sipòte plis pase 200 Victim Assistance Programs (VAPs) nan tout New York State ki ofri konsèy, defans dwa moun, abri ijans, asistans pou demenajman ak lòt sèvis siplemantè.

Bagay pou w sonje:

DISTRICT ATTORNEYS

Ou ka tande kèk tèm ki vle di menm bagay la pandan yon pwosedi penal. Yon **district attorney** yo konnen tou sou non **DA** oswa **pwokirè**. Yo se avoka k ap okipe dosye kont moun yo te arete a.

KIJAN TI LIV SA KA EDE W

Selon lalwa New York State, district attorneys (DA) oswa pwokirè, oblije bay moun yon zak kriminèl afekte, paran li yo oswa moun k ap pran swen l yo (si yo poko gen 18 an), oswa manm fanmi sivivan yo (si moun ki te ekspoze ak zak kriminèl la mouri) enfòmasyon ki nan ti liv sa pi vit sa posib apre zak kriminèl la.[1] Ou gen dwa tou pou w resevwa materyèl epi pou w kominike nan lang ou prefere a.

W ap jwenn enfòmasyon sou dwa ou genyen pou:

- Depoze dosye pou konpansasyon.
- Resevwa sèvis sipò.
- Resevwa notifikasyon sou dat odyans ki gen rapò ak pwosedi penal la.
- Pwoteje kont entimidasyon, ki ka gen ladan òdonans pwoteksyon.
- Fè deklarasyon sou enpak zak kriminèl la genyen sou lavi w anvan odyans pou yo detèmine kondanasyon an ak libète kondisyonèl la.
- Mande konpansasyon finansye, yo rele tou restitisyon, nan men moun ki te komèt zak kriminèl la pou kouvri pèt oswa depans ki gen rapò ak zak kriminèl la.

Si yo voye moun ki komèt zak kriminèl la kont ou a nan prizon eta a, ou ka enskri nan Department of Corrections and Community Supervision's Office of Victim Assistance (DOCCS OVA) pou w resevwa sèvis ak dènye enfòmasyon apre kondanasyon an. Ou ka:

- Resevwa notifikasyon lè moun ki kondane pou krim kont ou a lage oswa lè li an libète kondisyonèl.
- Bay oswa mete deklarasyon sou enpak zak kriminèl la genyen sou lavi w yo ajou bay komisyon libète kondisyonèl la.
- Mande transkripsyon odyans libète kondisyonèl yo gratis.

Ti liv sa gen enfòmasyon tou sou kijan pou w kontakte OVS, DA's office lokal ou a ak anpil lòt bagay ankò.

DA yo oblije fè rapò chak ane sou kijan yo konfòme yo avèk lalwa. Antanke viktim oswa sivivan yon zak kriminèl, oswa antanke yon pwòch, ou ka mande yon kopi rapò anyèl la gratis.

1 Executive Law 646-a(1).

KONTAKTE NOU

RETE AN KONTAK AK OVS

Rele OVS gratis nan nimewo sa:
1-800-247-8035

Imèl OVS: **ovsinfo@ovs.ny.gov**

Vizite sitwèb OVS la: **ovs.ny.gov**

OVS gen biwo nan Albany, NY ak Brooklyn, NY. Si ou ta prefere vizite nou an pèsòn, tanpri **rele anvan pou w pran yon randevou**.

Sou liy yo bay yo, ekri adrès biwo OVS kote ou te pran randevou a. [2]

KONEKTE AK SÈVIS EPI AK SIPÒ YO

OVS finanse epi sipòte plis pase 200 Victim Assistance Programs (VAPs) nan tout New York State ki ofri konsèy, defans dwa moun, abri ijans, asistans pou demenajman ak lòt sèvis siplemantè.

OVS Resource Connect se yon motè rechèch ki ka ede w jwenn VAP ak avoka selon kote a, plis lòt resous itil ki klase selon tèm yo.

Eskane kòd QR la pou w jwenn yon kat jewografik VAP ki toupre w la oswa vizite:

ovs.ny.gov/connect

Ekri non, adrès, imèl ak nimewo telefòn pwogram VAP lokal ou a isit la. [3]

2 Executive Law §646-a(3)(a).
3 Executive Law §646-a(3)(c).

KONTAKTE DISTRICT ATTORNEY'S OFFICE OU A

DA lokal ou a ka ede w reponn kesyon sou dosye w la, ba w konsèy sou kijan pou w pwoteje tèt ou, refere w bay yon VAP, ak anpil lòt ankò.

Eskane kòd QR la pou yon kat jewografik DA's offices oswa vizite:

nypti.org/new-york-district-attorneys

Ekri non, adrès, imèl ak nimewo telefòn DA's office lokal ou a isit la. [4]

ENSKRI NAN DOCCS OVA

Si yo voye moun ki komèt zak kriminèl la kont ou a nan prizon eta a, ou gen dwa enskri pou jwenn enfòmasyon sou li—nan ki prizon yo ye, ki lè yo ka lage l, oswa si l ap tann libète kondisyonèl—lè w enskri nan Department of Corrections and Community Supervision's Office of Victim Assistance (DOCCS OVA).[5]

DOCCS OVA a nan[6]:
The Harriman State Campus
1220 Washington Avenue
Albany, NY 12226-2050

Ou ka enskri nan OVA lè w eskane kòd QR la isit la epi lè w ranpli fòmilè a, rele **1-800-783-6059**, oswa mande DA's office èd.

4 Executive Law §646-a(3)(d).
5 Criminal Procedure Law §380.50(5).
6 Executive Law §646-a(3)(b).

JWENN ÈD FINANSYE AK KONPANSASYON

JWENN RANBOUSMAN POU DEPANS YO

Ou ka ale jwenn OVS pou w jwenn resous ak konpansasyon apre ou fin ekspoze ak yon zak kriminèl. OVS ka bay èd finansye ak ranbousman pou moun ki elijib ki viktim nan yon zak kriminèl pou depans ak lajan nan pòch tankou:

- Frè medikal ak frè konsiltasyon.
- Pèt oswa domaj byen pèsonèl ki enpòtan pou sante, sekirite ak byennèt.
- Aranjman pou fen lavi ak depans pou fineray.
- Pèdi salè oswa sipò.
- Transpò pou konparèt devan tribinal oswa nan randevou medikal.
- Depans pou bote oswa frè pou demenajman.
- Enstalasyon ak ekipman sekirite adomisil.
- Repare pwopriyete oswa espas kote yon krim te fèt.
- Lòt depans elijib ki se rezilta yon zak kriminèl.

Dwa ou yo:

RESEVWA KONPANSASYON AK SÈVIS[7]

Viktim zak kriminèl yo ak sivivan yo gen dwa pou yo mande konpansasyon pou depans yon zak kriminèl koze, epi pou yo resevwa sèvis pou ede yo nan pwosesis rekiperasyon an apre yon zak kriminèl.

Kote ki ka ede w ak sèvis ou bezwen yo ka gen ladan yo VAP, pwogram asistans pou sivivan oswa temwen, liy dirèk asistans pou sivivan, abri pou vyolans domestik, sant kriz pou agresyon seksyèl, ak sèvis pwoteksyon pou granmoun.

DEPOZE YON REKLAMASYON

Pou w jwenn èd finansye, ou bezwen depoze yon reklamasyon bay OVS nan twa lane apre krim lan te fèt la. Si w ap depoze yon reklamasyon pou yon viktim zak kriminèl ki mouri, ou dwe depoze li nan twa lane apati dat lanmò li a.

Fason ki pi rapid epi ki pi fasil pou konplete yon reklamasyon konpansasyon OVS se kontakte yon VAP. Ou ka ranpli aplikasyon an tou sou entènèt.

Kontakte VAP ou a pou w jwenn èd pou w ranpli aplikasyon an. Ou ka eskane kòd QR la tou isit la pou aplikasyon reklamasyon an ak enstriksyon yo, oswa ou ka vizite:

ovs.ny.gov/victim-compensation

7 Executive Law §646-a(2)(a).

Bagay pou w sonje:

PWOTEKSYON VI PRIVE OU

Refè aprè yon zak kriminèl ka fè w pè oswa sa ka enkyete w. OVS konprann enpòtans li genyen pou l pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou bay nan fòmilè aplikasyon yo. Dosye nou mande pou reklamasyon yo **konfidansyèl epi nou pa ka divilge yo** sof **nan ka ki eksepsyonèl anpil**, tankou:

- Demann ki soti nan men otorite ki responsab aplikasyon lwa pou rezon lejitim pou jistis penal.
- Òdonans jidisyè.
- Rezon ki nesesè pou OVS trete reklamasyon w lan byen vit epi avèk efikasite.

SUIV EVOLISYON PWOSEDI PENAL OU A

SUIV MIZAJOU KI ENPÒTAN YO

Si ou te ekspoze ak yon zak kriminèl, ou gen dwa pou w konnen[9]:

- Dat yo arete yon moun.
- Dat moun nan wè yon jij pou premye fwa.
- Dat pwosè li a.
- Lè yon moun deklare koupab pou zak kriminèl ki te fèt kont ou a.
- Dat kondanasyon li a, oswa lè yon jij ap deside sanksyon y ap genyen.
- Kondanasyon yo genyen.
- Lè yo prevwa libere moun sa nan prizon oswa nan detansyon pwovizwa.

Dwa ou yo:

PWOSEDI PENAL OU A[8]

Viktim ak sivivan zak kriminèl yo gen dwa pou yo konnen sa k ap pase nan pwosedi penal yo a, kijan y ap jere pwosedi yo a, epi kijan yo ka patisipe nan pwosesis la. Pou w rete enfòme, bay DA's office ou a nimewo telefòn ou ak adrès ou epi asire w ou mete yo ajou si enfòmasyon ou yo chanje.

KONPARÈT DEVAN YON TRIBINAL

Ou gen dwa pou w asiste nan odyans ki gen rapò ak pwosedi penal ou a si ou santi ou an sekirite pou w fè sa. Ou ka twouve li itil pou w pale ak DA's office anvan ou ale nan odyans yo pou w konprann kijan prezans ou ka enfliyanse pwosedi penal la. Ou ka toujou mande DA's office pou l ba w dènye nouvèl sou sa ki te pase nan tribinal la.

Chak fwa sa posib, tribinal la oswa DA's office ta dwe bay temwen akizasyon yo—oswa nenpòt moun yo mande pou temwaye sou sa yo te wè oswa sa yo te pase—yon kote ki an sekirite epi prive pou yo tann, lwen lòt temwen, anvan yo ale nan tribinal la.[10] Si w enkyè pou sekirite w, DA's office ka ofri w plis pwoteksyon oswa sipò.

8 Executive Law §646-a(2)(b).
9 Executive Law §641(3).
10 Executive Law §642(2) and §647(2).

PLANIFIKASYON POU SEKIRITE W

Avoka viktim yo nan DA's office oswa nan victim assistance program ka ede w kreye yon plan pou w rete an sekirite epi pou w jwenn sous sipò. Si ou ta renmen jwenn èd nan men otorite yo, ou ka mande konsèy nan men lapolis, sheriff's office oswa DA sou kijan pou w fè sekirite ou yon priyorite. Yo kapab ede w tou si yo te menase w oswa si yo te entimide w. Anplis de sa, tribinal yo ka bay òdonans pwoteksyon ki egzije pou moun ki ap entimide w la rete lwen ou.[11]

Si w ap sibi menas oswa asèlman, kontakte lapolis, sheriff's office, DA, oswa victim assistance program san pèdi tan. Si yon moun nan prizon ap menase w oswa ap nui w, kontakte OVA DOCCS nan 1-800-783-6059.

Bagay pou w sonje:

ENTIMIDASYON

Entimide yon temwen se yon **deli majè**, oswa yon krim ki ka pote yon kondanasyon ki **plis pase yon ane nan prizon**. Entimidasyon tankou **lè yon moun ap eseye fè ou pè** pou ou pa rapòte yon zak kriminèl, pou w pa kolabore avèk lapolis oswa DAs, oswa pou w pa temwaye devan tribinal.

Men kèk entimidasyon:

- Menas dirèk, vèbal oswa ekri, pou fè moun mal.
- Asèlman repete, suiv yon moun oswa konfwontasyon fizik.
- Kontak, apèl oswa mesaj endezirab ki repete.
- Andomaje kay ou, machin ou oswa byen ou yo.
- Menas pou moun lan pèdi travay li, pou mete moun lan deyò nan kay li oswa prejidis finansye.
- Pwopaje rimè, asèlman sou entènèt, divilge enfòmasyon pèsonèl oswa chantaj.
- Angaje fo pwosè oswa menase pou angaje yon pwosedi jidisyè.
- Ofri lajan oswa favè, oswa pwomèt fo pwoteksyon.
- Voye oswa enfliyanse lòt moun ki pa nan pwosedi a pou fè menas oswa pou fè w pè.

11 Executive Law §646-a(2)(c).

PALE

Ou gen dwa bay yon deklarasyon sou enpak zak kriminèl la genyen sou lavi w nan moman kondanasyon an.[12]

Anvan yo bay kondanasyon an, DA a ap mande w kisa w panse si w ta kite moun ki te lakoz domaj la, oswa akize a, ale lib oswa jwenn yon pinisyon ki pa prizon. Jij la ap pran opinyon w an konsiderasyon lè l ap detèmine kondanasyon an.

Si ou vle pale lè y ap pwononse kondanasyon an, ou dwe di tribinal la ou vle pale omwen 10 jou alavans. Akize a ap nan tribinal la lè w ap fè deklarasyon w lan lè yo pral kondane l la.

Bagay pou w sonje:

DEKLARASYON SOU ENPAK ZAK KRIMINÈL LA GENYEN SOU LAVI W

Yon deklarasyon sou enpak zak kriminèl la genyen sou lavi w ba ou opòtinite pou w pataje santiman ou konsènan krim lan ak kijan li te afekte ou menm ak pwòch ou yo.

Ou ka pale an pèsòn oswa ou ka mande yon moun li l pou ou. Si ou chwazi pou ou pa pale an pèsòn, yo ka mete deklarasyon ou an nan rapò anvan kondanasyon an.

Deklarasyon an dwe se laverite epi li dwe soti nan kè. Li ka dekri sa ou te sibi sou plan fizik, emosyonèl ak finansye akoz zak kriminèl la, epi ou ka pale sou kijan lavi ou chanje depi aprè zak kriminèl la.

KONNEN REZILTA PWOSEDI A

Ou gen dwa pou w mande DA pou l fè w konnen kijan pwosedi w la te fini.[13] Lè ou fè sa, mande "dispozisyon final" pwosedi a pou w konnen si yo te jwenn moun lan koupab oswa si yo te jwenn moun lan inosan. W ap jwenn yon repons nan 60 jou apre pwosedi a fini.

12 Executive Law §646-a(2)(d) and (e).
13 Criminal Procedure Law §440.50.

RETE ENFÒME EPI AVANSE

JWENN ENFÒMASYON SOU AKIZE A

Ou gen dwa pou w konnen si moun ki te fè w mal la lib, si l an libète kondisyonèl oswa si l nan prizon.[14] Pou w jwenn enfòmasyon sou sa, jeneralman w ap bezwen non konplè akize a, dat nesans li, ak nimewo NYSID (New York State Identification) oswa DIN (Department Identification Number) li. DA's office ta dwe gen enfòmasyon sa yo pou ou.

Pou w konnen sitiyasyon akize a, ou ka fè youn nan bagay sa yo:

1. Enskri nan OVA DOCCS pou resevwa notifikasyon yo.[15]
2. Rele DOCCS OVA nan 1-800-783-6059 pou kesyon sou dat liberasyon, enfòmasyon pou kontakte moun ki responsab libète kondisyonèl, oswa lòt enkyetid ki gen rapò ak sa yo.
3. Verifye sou entènèt sou doccs.ny.gov, kote w ap jwenn "Chèche Moun ki nan Prizon (Incarcerated Look-Up)" oswa "Chèche Moun ki an Libète Kondisyonèl (Parolee Look-Up)".

Bagay pou w sonje:

ITILIZE VINE

DOCCS ofri yon sèvis yo rele VINE (Victim Information and Notification Everyday). **Li pa menm bagay ak enskripsyon nan DOCCS OVA**. VINE se yon sèvis gratis ki pèmèt nenpòt moun:

- Verifye sitiyasyon detansyon yon akize yon fason ki anonim—tankou si yo te lage l oswa si yo te transfere l—nan telefòn, sitwèb oswa aplikasyon mobil.
- Enskri pou w resevwa notifikasyon otomatik nan telefòn, sou imèl, nan mesaj tèks oswa aplikasyon mobil lè sitiyasyon yon akize chanje.

DOCCS ap ankouraje viktim ak sivivan ki enskri nan DOCCA OVA pou yo **enskri tou nan VINE** pou w jwenn plis mizajou imedya. Men diferans ki genyen ant yo de a.

	DOCCS OVA	VINE
Ki moun ki ka enskri	Viktim ak sivivan zak kriminèl yo	Nenpòt moun
Kilè ou ka enskri	Lè yo voye akize a nan prizon eta a	Depi yo arete akize a epi depi yo mete l nan prizon
Kijan pou w jwenn mizajou yo	Pa lapòs	Elektwonikman, nan telefòn, sou imèl, nan mesaj tèks oswa sou aplikasyon mobil la
Èd disponib	Pèsonèl yo ka reponn kesyon, yo ka ba w sipò, epi yo ka gide w lè yo voye akize a nan prizon eta a	Limite mizajou elektwonik otomatik yo ak yon lis resous san w pa bezwen yon moun gide w

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou VINE, rele **1-888-846-3469**, vizite **VINElink.com**, oswa **telechaje aplikasyon VINELink la** nan app store telefòn ou an.

14 Executive Law §646-a(2)(g). 15 Executive Law §646-a(2)(h).

JWENN ÈD POU LAVI KOTIDYEN

Ou gen dwa mande èd lè yon zak kriminèl afekte lavi w. Lapolis oswa DA ou a ta dwe ede w.[16]:

- Kontakte patwon ou an si ou dwe pa vin travay pou yo ka ede w ak pwosedi w la.
- Bay kreditè yo enfòmasyon si ou pa kapab peye bòdwo ou yo akoz zak kriminèl la.
- Reprann byen ou yo si y ap kenbe yo pou prèv, sof si yo bezwen yo nan pwosè a. Si y ap fè sa, tribinal la ka ede w repran li lè yo fini ak sa.[17]

REFÈ APRÈ YON ZAK KRIMINÈL

Ekspoze ak zak kriminèl ka pètibe lavi w nan plizyè fason. Li enpòtan pou w konnen New York State ba ou tan ak espas pou w remete lòd nan lavi w.

Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi gratis nan rapò lapolis la ki koresponn ak sa.[18]
- Mande New York State Department of Motor Vehicles (DMV) pou yo retire frè yo pou yo ranplase nenpòt lisans, pèmi, anrejistreman, ak plak machin ki te pèdi, detwi, oswa yo vòlè akoz yon zak kriminèl.[19]
- Kenbe travay ou a epi pa sibi reprezay nan travay ou paske ou te yon temwen nan tribinal, ou pran tan pou bay yon deklarasyon sou enpak zak kriminèl la genyen sou lavi w, oswa ou ede DA a.[20]
    - Sa ap aplike pou fanmi pwòch sivivan yon viktim zak kriminèl, reprezantan viktim zak kriminèl yo ak sivivan yo, ak bon samariten ki te eseye ede pandan ensidan an menm si se pa t travay yo.[21]
- Mande, alekri, pou tribinal la bay òdonans pou yon moun ki kondane pou yon krim seksyèl fè tès VIH. Ou menm ak akize a ap resevwa rezilta yo, se pa tribinal la k ap resevwa yo. [22]

JWENN RANBOUSMAN

Ou gen dwa mande restitisyon, oswa pou akize a remèt ou sa ou te pèdi akoz zak kriminèl la.[23] Sa diferan de asistans finansye ou ka resevwa lè w depoze yon reklamasyon nan OVS. Ou ka mande restitisyon pou:

- Frè medikal ak frè konsiltasyon.
- Pèdi salè paske ou pa t al travay.
- Ranplase, repare pwopriyete.
- Aranjman pou fen lavi ak depans pou fineray.
- Lòt depans ki gen rapò ak zak kriminèl la.

Tribinal la mete restitisyon nan kondanasyon akize a. Montan an baze sou prèv sa ou pèdi akoz zak kriminèl la. Se poutèt sa, li enpòtan pou ou byen konsève dosye ak resi ou yo. Bay lapolis, DA ak probation department kèk kopi. Probation department ap mete reklamasyon restitisyon ou an nan rapò li depoze nan tribinal la.

16 Executive Law §642(4).
17 Executive Law §642(3) and §647(3).
18 Executive Law §646(1).
19 Vehicle and Traffic Law §401(3)(c) and §503(3)(ii).
20 Penal Law §215.14(1).
21 Penal Law §215.14(2).
22 Criminal Procedure Law §390.15.
23 Executive Law §646-a(2)(f).

KISA K AP PASE APRÈ?	RESTITISYON		
Si ou pa soumèt yon demann atan:	**Si akize a konteste demann ou an:**	**Si jij la akòde restitisyon an:**	**Si jij la pa akòde restitisyon:**
• Restitisyon p ap fè pati kondanasyon defandè a. • Ou ka jwenn ranbousman lè w pousuiv defandè a nan tribinal sivil.	• Tribinal la ka fè yon odyans, oswa yon reyinyon espesyal, sou li, kote ou ka oblije temwaye sou demann ou an. • Si w santi w pè vin nan tribinal pou w reponn kesyon, pale ak DA.	• Òdonans pèman an ap nan dokiman ofisyèl tribinal akize a. • Papye yo ap montre ki moun ki kolekte lajan an. • W ap resevwa pèman ou yo nan chèk, kidonk mete adrès ou ajou si ou demenaje.	• Jij la dwe eksplike poukisa yo pa t bay òdonans pèman.

Èske ou te gentan depoze yon reklamasyon nan OVS anvan ou te mande restitisyon an? Si OVS gentan peye fakti ou yo epi tribinal la bay òdonans restitisyon an, ranbousman an ka al jwenn OVS pase li al jwenn ou. Asire w OVS konnen si tribinal la ba w òdonans ranbousman.

Family court ap trete pèman restitisyon yo si akize a gen mwens pase 18 an.

- Yon delenkan jivenil, oswa yon moun ki poko gen 18 an ki komèt yon krim men yo pa jije tankou yon granmoun, ka sèlman resevwa òdonans pou l peye jiska $1,500.
- Yon moun ki bezwen sipèvizyon (PINS), oswa yon moun ki poko gen 18 an ki pa komèt yon krim men k ap aji yon fason ki mande sipèvizyon tribinal, ka sèlman resevwa òdonans pou l peye jiska $1,000.
- Si demann restitisyon ou an depase limit sa yo, ou gen dwa mennen paran oswa moun k ap pran swen akize a nan yon tribinal sivil.

KONNEN DWA OU YO: KONSIDERASYON ESPESYAL

TIMOUN AK JÈN KI POKO GEN 18 AN

Jèn viktim yo ak sivivan zak kriminèl yo gen plis dwa selon lalwa eta a.[24]

Yo ka:

- Dekri zak kriminèl la kantite fwa sa posib.
- Temwaye antanke temwen nan yon anrejistreman videyo oswa nan yon sistèm televizyon sikwi fèmen.
- Itilize poupe ak desen pou ede yo lè y ap jwe wòl temwen.
- Fè yon moun chita bò kote yo pou sipòte yo lè y ap temwaye antanke temwen.

Paran yo, moun k ap pran swen yo, oswa reprezantan yo ka asire yo:

- Jij la konprann, epi li sansib ak estrès yon timoun ka genyen pandan l ap temwaye nan tribinal la.
- Menm DA a ap trete pwosedi a lè sa posib.
- Timoun lan gen yon ekip moun bò kote l pou anpeche epi ki pou jere abi sou timoun.

SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK, AGRESYON SEKSYÈL AK LÒT ZAK KRIMINÈL

Ou ka gen lòt dwa tou depan de zak kriminèl ou te ekpoze avè l la. Eskane kòd QR la isit la pou w jwenn yon gid konplè New York State Office for the Prevention of Domestic Violence (OPDV) pibliye, oswa vizite:

opdv.ny.gov/know-your-rights

24 Executive Law §642-a.

NEW YORK STATE | Office of Victim Services

OVSNY_0006